# *Нывгæнына архайд.*

Алагиры 7-æм рæвдауæндоны
хъомылгæнæг:
Уазиты Ритæ

***2020 аз***

***Нысан:***

- Базонгæ кæнын ног дзырдтимæ ( къуыбылой, пурти);
- Сабиты ахуыр кæнын иронау дзурынил;
- Зæрдыл æрллæуын кæнын æмдзæвгæтæ «Гино» æмæ «Уасæг»;
- Ахуыр кæнын тымбылтæ ныв кæнын.

Хъомылгæнæг: Сывæллæттæ, хæстæг ма мæм æрбалæууыт æмæ кæрæдзимæ нæ мидбылты бахудæм.

( Хъуысы гæдыйы уасын)

Хъомылгæнæг: Чидæр уасы, цыма чи у? (Хъомылгæнæг райста гæдыйы къуыбылойымæ)

Хъомылгæнæг: Сывæллæттæ, ай цы у?

Сывæллæттæ: Гæды.

Хъомылгæнæг: Ǣмæ нын гæды цы рбахаста? Къуыбылой. Иумæ ма йæ зæгъæм.

Сывæллæттæ: Къуыбылой.

Хъомылгæнæг: Ǣмæ йæ хуыз та цавæр у?

Сывæллæттæ: Бур.

Хъомылгæнæг: Гæды та цавæр у? Бавналут ма йæм.

Сывæллæттæ: Фæлмæн.

Хъомылгæнæг: Ǣмæ куыд уасы гæды?

Сывæллæттæ: Мяу, мяу.

Хъомылгæнæг: Ныр та радзурæм Хетагкаты Къостайы æмдзæвгæ «Гино».

Гино, гино, гис!
Иу гæды нæм ис,
Хъарм фæлмæн кæрц дары,
Къонайыл хуыссы,
Аргъæутæ мысы,
Хъал зæрдæйæ зары.

Хъомылгæнæг: Йер та тымбылты 'хсæн 'ссарæм бур тымбылтæ.

( Хъуысы уасæджы уасын)

Хъомылгæнæг: Чидæр та уасы.

Сывæллæттæ: Уасæг.

(Хъомылгæнæг райста уасæг, йæ хъæбысы къуыбылой.)

Хъомылгæнæг: Сывæллæттæ, уасæг куыд уасы?

Сывæллæттæ: Хъи – хъри – хъу! Хъи – хъри – хъу!

Хъомылгæнæг: Ǣмæ йæ къуыбылой та цавæр хуыз у?

Сывæллæттæ: Сырх.

Хъомылгæнæг: Радзурæм ма уасæгæн æмдзæвгæ «Уасæг».

О, уасæг, уасæг,
Сызгъæрин къоппа!
О, уасæг, уасæг,
Сырхзæлдаг боцъо!

Куыд раджы фестыс,
Куыд хъæрæй зарыс?
Нæ буц лæппуйы
Хуыссын нæ уадзыс!
Хъомылгæнæг: Йер та тымбылты 'хсæн 'ссарæм сырх тымбылтæ.
Тымбыл аллæуæм æмæ улæфты минут акæнæм.
Пурти зæххыл – тъæпп, тæпп, тæпп,
Пурти зæххыл – гæпп,гæпп,гæпп.
Æз йæ фæстæ – сæпп, сæпп, сæпп,
Уый та ногæй – гæпп, гæпп, гæпп.
Хъомылгæнæг: Сывæллæттæ, пуртийы хуыз та цавæр у?
Сывæллæттæ: Сырх.
Хъомылгæнæг: Абон мах сныв кæндзыстæм сырх пуртитæ.
Хъомылгæнæг: Мæнæ цы рæсугъд пуртитæ сныв кодтат, фæйнæгыл сæ ныффидар кæнæм. Тынг хорз.
Уæ цæрæнбон бирæ!